


BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Unggal panalungtikan téh salawasna baris merlukeun métode anu luyu jeung udagan anu baris dihontalna sahingga pertanyaan-pertanyaan nu aya dina rumusan masalah bisa kajawab. Aya ogé métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode *deskriptif analitis*. Méthode *deskriptif analitis* téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun, ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis, tur nafsirkeun data nu kapanggih dina panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca Al-Qur'an Tarjamahan basa Sunda surat Al-Baqarah; (2) nyirian kalimah; (3) nyalin kalimah; (4) ngolah data deiksis persona, temporal, jeung lokatif; (5) ngadéskripsikeun data; jeung (6) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré bisa ditingali dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Léngkah-léngkah Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda anu dikarang ku K.H.Qamaruddin Shaleh, H.A. Dahlan, jeung Yus Rusamsi, ukuranna 21x14 cm, anu diterbitkeun ku C.V Diponegoro taun 1994 anu kandelna 900 kaca tur eusina 114 surat. Tina éta eusi Al-Quran dicokot hiji surat anu dijerona kamaktub perkara anugrah manusa dipaparin basa ku nu Kawasa nya éta Q.S Al-Baqarah anu eusina aya 286 ayat.

Tina éta sumber data dicokot sakabéh kekecapan nu kaasup kana kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif pikeun dijadikeun populasi. Sakabéh populasi tina éta data dijadikeun sampel. Jadi, dina ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan data gampang dianalisisna, perlu diécéskeun heula sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Éta istilah téh diantarana, nya éta:

- 1) Deiksis nya éta unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa, nu mana upama ditilik tina antesedenna (naon-naon anu dituduhkeun ku deiksis), deiksis bisa dibédakeun jadi deiksis persona, temporal, lokatif, jsté;
- 2) Deiksis persona mangrupa pronomina persona (nu nuduhkeun jalma) nu miboga sifat ekstratekstual nu fungsina ngagantikeun hiji acuan (anteseden) di luar wacana;
- 3) Deiksis temporal nya éta deiksis anu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian;

- 4) Deiksis lokatif mangrupa deiksis anu dipaké pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang, boh deukeut, rada deukeut, atawa jauh;
- 5) Wacana nya éta wangun basa pangjembarna nu diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah nu sambung-sinambung (kontinuitas), tatali unsurna ngéntép seureuh (kohesi), tur tatali ma'nana dalit (koherensi) luyu jeng kontéks situasi. Teks wacana nu digunakeun dina ieu panalungtikan mah mangrupa paragraf dina tarjamahan Al-Quran basa Sunda surat Al-Baqarah;
- 6) Al-Quran tarjamahan basa Sunda nya éta Al-Qur'an nu eusina mangrupa tarjamahan tina basa Arab kana basa Sunda;
- 7) Bahan pangajaran mangrupa hiji komponén anu kudu disiapkeun nalika rék ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar.

Jadi nu dianalisis dina ieu panalungtikan nya éta kekecapan nu kaasup kana unsur deiksis. Anu dimaksud deiksis dina ieu kajian mah mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa nu gunana pikeun ngukur gejala semantis nu aya dina kecap atawa kontruksi kecap nu ngan bisa ditafsirkeun acuanana ku cara ngitung-ngitung situsi omongan. Deiksis nu dianalisis nya éta deiksis persona, deiksis temporal, jeung deiksis lokatif dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda hususna dina Surat Al-Baqarah.

Nu dimaksud deiksis persona dina ieu panalungtikan mangrupa deiksis anu gunana pikeun nuduhkeun kecap gaganti jalma. Contona kecap abdi, aing, déwék, kuring, kula, urang, saréréa, anjeun, manéh, salira, silaing, ilaing, aranjeun, anjeunna, manéhna, mantenna, aranjeunna, jrrd.

Deiksis temporal nya éta deiksis anu gunana pikeun nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian. Contona kecap heuleutna, mangkukna, kamari, ayeuna, isukan, pagéto, baréto, baheula, tadi, kamari, ayeuna, engké, jaga, miggu, bulan, taun, beurang, peuting, isuk-isuk, pabeubeurang, pasosoré, jsté.

Ari nu dimaksud deiksis lokatif mangrupa deiksis anu dipaké pikeun nuduhkeun pernahna hiji hal atawa barang, boh deukeut, rada deukeut, atawa jauh. Contona kecap dieu, dinya, ditu, gigireun, tukangeun, hareupeun, luhureun, handapeun, jsté.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna kalimah anu ngandung unsur deiksis persona, temporal, jeung lokatif dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda. Dina prakna nganalisis data, digunakeun instrumén anu mangrupa kartu data.

Dina kartu data ieu téh dipidangkeun sababaraha hal, diantarana nya éta:

- 1) Kalimah anu ngandung deiksis persona, temporal, jeung lokatif;
- 2) Nomer jeung kode disalinna kalimah;
- 3) Kaca jeung baris sabaraha dina ditimukeunana kecap deiksis persona, temporal, jeung lokatif éta dina Al-Qur'an;
- 4) Unsur nu mangrupa deiksis persona, temporal, jeung lokatif dicondongkeun;
- 5) Kontéks larapna kecap deiksis persona, temporal, jeung lokatif éta; jeung
- 6) Ma'na tina larapna kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif éta.

Conto kartu data:

No:	Tarjamah Al-Qur'an, kaca, baris: _____
Kalimah	: _____
Unsur Deiksis	: _____
Konteks Larapna:	_____
Ma'na Larapna	: _____
Distribusina	: _____

Conto pamakéan kartu data:

No:7	Tarjamah Al-Qur'an, ayat, baris, kaca: QTABS/5/2/15
Kalimah	: Saéstuna jalma-jalma anu kalupur, sarua baé pikeun <i>maranéhna mah...</i>
Unsur Deiksis	: persona
Konteks Larapna	: salaku jalma katilu (salaku nu dicaritakeun)
Ma'na Larapna	: jamak
Distribusina	: anaforis (nuduheun hal anu saheulaeunana)/bébas.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka (studi bibliografi), jeung telaah Al-Qur'an katut tafsirna.

Salian ti éta digunakeun ogé téhnik studi dokumentasi jeung téhnik observasi data. Téhnik dokuméntasi jeung observasi data digunakeun langsung kana dokumén anu mangrupa tarjamahan Al-Quran basa Sunda Surat Al-Baqarah kalawan boga tujuan pikeun nyungsi data tina sumber tinulis.

Téhnik dokuméntasi jeung observasi gunana pikeun ngumpulkeun sakabéh data nu aya dina sumber tinulis, supaya data ngeunaan kekecapan nu kaasup kana deiksis persona, temporal, jeung lokatif bisa dikumpulkeun.

Léngkah-léngkahna nya éta:

- a. Nangtukeun sumber data;
- b. Maca Al-Qur'an Tarjamahan basa Sunda Surat Al-Baqarah;
- c. Nyirian kalimah nu ngandung kekecapan deiksis persona,temporal, jeung lokatif;
- d. Nyalin data kana kartu data;
- e. Nganomeran korpus; jeung
- f. Méré kodeu dina kartu data.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngolah data dina panalungtikan ieu digunakeun téhnik distribusional. Panta-pantana nya éta:

- 1) Mariksa sakabéh data nu aya dina kartu data;
- 2) Ngadaftarkeun sakabéh data;
- 3) Nganomeran sakur data nu kapanggih;
- 4) Ngitung jumlah kekecapan deiksis persona,temporal, jeung lokatif katut frekuensina;
- 5) Nganalisis jeung ngadeskripsikeun kekecapan deiksis persona, temporal, jeung lokatif éta dumasar kana:

- a) konteks larapanana; jeung
 - b) maknana.
- 6) Nafsirkeun jeung nyindekkeun sakur data nu kapanggih tina hasil panalungtikan éta; jeung
- 7) Nyieun data bahan pangajaran deiksis dina pangajaran basa Sunda pikeun murid SMA/MA.

